# bu ñu tegee néew bi ba góor ñi gàddu ko ca seen loos ya bu nekkee ku baax la day wax naan: yóobleen ma,

Jële nañu ci Abuu Sahiid Al-Xudrii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "bu ñu tegee néew bi ba góor ñi gàddu ko ca seen loos ya bu nekkee ku baax la day wax naan: yóobleen ma, bu dee du ku baax nag day wax naan: wóoy alku naa!! fan ngeen ko jëme? Lépp lu dul nit dana dégg kàddoom ga, te bu ko déggoon day xëm".
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne bu ñu tegee néew bi ci jaat ji, góor ñi gàddu ko ca seen loos ya, bu dee ku baax la day wax naan: yóbbleen ma ngir li muy gis ci kanamam ci ay xéewal, bu dee ku bon la nag day yuuxu ci kàddu gu bon: wooy alku naa fan ngeen ko jëme?! Ngir li muy gis ci kanamam ci mbugal, léppay dégg kàddoom gi ba mu des nit, te bu ko déggoon day xëm ngir tarug li muy dégg

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3554

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee